

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premii: 1.— 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 saqaris; (apes: f 1,25).

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGIPIOEN LENGGANAN SWARA TAMA
sampoem kalijan regining Soera Katholik
1 taoen . . . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 .. . . . f 3,75 } roemijin.

PAPANGGIHAN WANITA KATHOLIEK.

ADEGIPOEN POESARA WANITA KATHOLIEK. \*)

Sedyanipoen pakempalan Wanita Katholik ing Mataram anglemprakaken kadang-kadang Wanita Kath.

Inggang rawoeh goenggoeng kemपालipoen boten kirang saking 100.

Oetoesan - oetoesan: W. K. Soerakarta, Moentilan, lan Medari; pakempalan Maria Mediatrix Ambarawa; St. Melania Ngajodja, K.W., P. P. K. D., P. L., M. K., R. W., Ngajogjakarta; Van Lith Stichting Magelang: Swara Tama, Soera Katholik, Tamtama, Centraal Kath., De Koerier, Bahagia, Locomotief, Mataram, Djokjasch Dagblad.

Tamoe-tamoe wanita saking Betawi, Madijoen, Magelang, Kalasan, Gandjoeran, i.s.p.

Tapoejing papanggih djam 9, dipoenpangarsani R. A. Hardjadinigrat. Wonten ing Pamboeka, pangarsa nerangan adjenging wanita ing poendi-poendi. Kawontenan makaten poenika dadosa pametjoet toemrap wanita Katholik Djawi sageda ladjeng toemoenten noetoeti madjeng . . . . .

"Para sadèrèk! Djamanipoen sapoenika sampoem ngoendoeri sepoeh. Tijang makaten manawi sampoem sepoeh, kedah sampoem saged bawa pijambak. Kita wanita ing djam sapoenika, poenika kénging koela wastani sampoem diwasa. Mila kedah saged bawa pijambak, sampoem namoeng ngendelaken pitoeolenganing sanès . . . Sagedipoen makaten kedah babrajan njamboet damel, kedah roekoeng, loeng-tinoeloeng. Mila ing dinten poenika, W. K. Ngajogjakarta ngatoeri pandjenengan sadaja, preloenipoen inggih sageda sasarengan njamboet damel . . . . W. K. Ngajogja njoewoen soepados wonten tatangsoel ingkang njatoenggalaken pakempalan-pakempalanipoen wanita Katholik . . . . . Makaten kirang langkoeng pangandikanipoen pangarsa. (kepok ma-woerahan) . . . . Kadjawi poenika, pangarsa anerangaken W. K. Ngajogjakarta sampoem mlebet wonten babadan P. P. I. I. Anggènipoen makaten waoe inggih ngengeti prakawis babarajan njamboet damel, sarta angenggeni wawaton: "sanadjan kita poenika Katholik, inggih taksih Djawi."

Sesorahipoen R. A. Moerda Atmadja.

Tijang kados sakoela poenika pantjen sampoem boten patoet toemoet-toemoet kados pandjenengan sadaja, kabekta saking tjoto koela ing kawroeh saha sampoem sepoeh. Bebasan: sepa, sepi, lir sepah asamoen, gonjak-ganjok mindak ngililingsemi! Nanging sareng ngengeti djamanipoen raos koela kados makaten waoe koela boetjal, sanadyan bokmanawi wonten ingkang anggoeodjeng . . . . . Pamedar sabda ngandikakaken djaman sapoenika djamanipoen ngèsti karokoengan, ngèsti babasan: "Roekoeng agawé santosa" "Eendracht maakt macht." Wontening pakempalan warni-warni poenika inggih sami anggandaoeli babasan roekoeng agawé santosa waoe . . . Sateroesipoen R. A. Moerda ngandikakaken adjenging pakempalan doemoenong: manawi bestuur lan warganipoen sami sasarengan njamboet damel, dados boten ngeboehaken dateng bestuur tok oetawi kosok-wangsoelipoen . . . . . Para wanita Katholik kaatoeran niroe tradjang-tradjangipoen wanita ingkang dédè Kath., katiroe ingkang saé-saé, katémbak actie-nipoen ingkang preloe - preloe ingkang boten

ISINIPON:

Papanggih Wanita Katholik Pasrahan Onderwijs enz. Gesang rerajatan lan djagad Social Maria congregatie Melania tenjoonsteling enz. K. W. Ambarawa Tijang remen boten enz. Ontjen sekar gamtir melati Oerap-sari

WARA-WARA.

Lengganan ingkang taksih kagoengan toenggakan taoen 1929, kasoewoen kanti sangek kersaa énggal ngloenasi sareng lan arta lengganan kwartaal 1 taoen 1930; déné ingkang boten kagoengan toenggakan inggih kasoewoen kersaa maringi arta lengganan kwartaal 1 taoen 1930, awit badé wonten éwah-éwahan:

mriksanana katja kalih:

I. Nama, oemoer, taoen, lan sedyaning pakempalan dalah sarananipoen.

art. 1. a.) Pakempalan poenika dipoenamani "Wanita Katholik" doemoenong ing . . . . . b.) oemoering pakempalan kaangkah 29 taoen dangoenipoen, kapétang wiwit madeging pakempalan (ddo. . . . .) c.) Taoening pakempalan kaétang wiwit saben 1 Djanoewari doemoegi 1 Djanoewari taoen tjandakipoen (oetawi ngetrepi taon Walandi).

art. 2. a.) Toedjoenipoen pakempalan poenika toemoet-toemoet amboedidaja indaking daradjadipoen wanita Indonesia, langkoeng-langkoeng wanita Katholik Indonesia, ing babagan rohani lan djasmani. Toemindakipoen kanti mitoroet dadasaring Agami Katholik. b.) Pakempalan boten magepokan bab pangrèh pradja (politik).

art. 3. Sarana-sarana ingkang kanggé anggajoe toedjoening pakempalan, oepami kémawon: a.) Asoeng waosan ingkang prajogi dateng wanita Djawi; ngawontenaken pasinaon maos lan njerat; ngawontenaken pasinaon pakarjan tangan (handwerk) ingkang éndah oetawi perloe, langkoeng-langkoeng malih damel oeba-rampéning pangageman Koerban Mis Soetji; ngawontenaken tentoonstelling. b.) Sosora prakawis kasarasan lan panggoela-wentahing laré, toewin dadasaring Agami. c.) Mradinaken waosan saé. d.) Mitoeloengi wanita kekiranjan; njaosi oeba-rampé-Grédja dateng Grédja ingkang kekiranjan oeba-rampé.

e.) Nanarik lan mitoeloengi congregatie toewin retraite lss. art. 10. a.) Kadjawi ingkang kaseboet ing art. 9, manawi pakempalan badé dipoenwewahi statutenipoen, oetawi dipoenbibaraken sadèrèngipoen 29 taoen, . . . manawi badé njamboet arta, ngimati oetawi njadé banda mati (onroerende goederen) kedah ngawontenaken pakempalan ingkang mligi ngrembag bab poenika; lan apesipoen kedah angsal 2/3-nipoen warga ing parepatan waoe, déné parepatan kedah wonten 1/3-nipoen warga sadaja. b.) Manawi kados ingkang kaseboet ing a. poenika waoe, tjatjahing warga oetawi wakiling warga ing parepatan kirang saking samestipon, ing salebetipoen sawoelan ladjeng ngawontenaken parepatan angrembag prakawis poenika waoe oegi. Parepatan ingkang kanton poenika waoe ladjeng gadah panggoewas kados déné parepatan kaseboet ing a., mboten predoei katah kediking warga oetawi wakil ingkang dateng.

II. Warga, magang warga, lan warga mandjoeroeng.

art. 4. a.) Inggang kénging dados warganipoen pakempalan poenika, sadaja wanita Katholik Indonesia ingkang manggèng ing koekoeban Indija Nederland, lan sampoem diwasa (14 taoen). b.) Inggang kénging dadosm agang warganing pakempalan poenika, sadaja wanita Indonésijah ingkang magang baptis lan sampoem diwasa. c.) Pangrèh pakempalan saged netepaken tijang dados warga mandjoeroeng (donateurs-trisen), manawi soeka dana sakedikipoen f 0,50 ing saben woelan, oetawi f 5, ing saben taoen; oetawi malih sapisan sakedikipoen f 50. d.) Pangrèh ingkang moetoesi panampinipoen warga lan warga mandjoeroeng.

art. 5. a.) Tijang boten dados warga malih, margi 1. Saking panedanipoen pijambak; 2. Margi kawedalaken déning pangrèh. b.) Warga ingkang kawedalaken déning pangrèh, kénging apèl (-protès-).

III. Warga kawedalaken.

art. 6. a.) Saben parepatan warga taoenan, kawontenaken pilihan warga pangrèh ingkang gandjil tjatjahipoen; apes tjatjahing warga-pangrèh 3, i. p. pangarsa, panitra, lan pangroekti arta. b.) Ing parepatan warga taoenan ing taoen tjandakipoen, warga pangrèh kedah kèndel, nanging inggih kénging kapilih malih. c.) Manawi wonten lowongan warga pangrèh, pangrèh kénging andjangkepi pijambak.

IV. Pangrèh.

art. 7. a.) Pangarsa lan panitra dados wakilipoen pakempalan toemrap sadaja prakawis, lan kawenangaken ngangkat karjaning pakempalan. b.) Manawi pangarsa oetawi panitra pinoedjoe pambeng, kedah dipoensoelih salah satoenggaling warga pangrèh sanèsipoen. c.) Wonten parepatan taoenan, pangrèh anedahaken palapoeran taoenan (jaarverslag) i. p. panitra bab pandamelan, pangroekti arta bab arta.

V. Geestelijke Adviseur.

art. 8. a.) Pakempalan dipoembani Geestelijke Adviseur be-noemanipoen Kangdjeng Biskop. b.) Geestelijke Adviseur wenang andjenengi sadaja parepatan lan kedah dipoentjaosi pirsu. Poetoesan ingkang anggènipoen netepaken boten dipoendjenengi G. A., ing sadèrèngipoen poetoesan waoe katin-dakaken kedah kasoewoenaken pirsu roemijin dateng pandjenenganipoen. c.) G. A. namoeng kagoengan swara pamrajogi; lan toemindaking poetoesan ingkang roemaosipoen G. A. soelaja kalijan toedjoening pakempalan oet. boten notjogi wawaton Katholik, kedah kasrantosaken roemijin, ngentosito poetoesan saking Kangdjeng Biskop. Mangké manawi pamanggihipoen Kangdjeng Biskop sami kalijan G. A., poetoesan boten kénging katindakaken.

art. 7. a.) Pangarsa lan panitra dados wakilipoen pakempalan toemrap sadaja prakawis, lan kawenangaken ngangkat karjaning pakempalan. b.) Manawi pangarsa oetawi panitra pinoedjoe pambeng, kedah dipoensoelih salah satoenggaling warga pangrèh sanèsipoen. c.) Wonten parepatan taoenan, pangrèh anedahaken palapoeran taoenan (jaarverslag) i. p. panitra bab pandamelan, pangroekti arta bab arta.

VI. Ngoeloer oemoering pakempalan, ngéwahi statuten lan manawi pakempalan kabibaraken.

art. 9. Jèn oemoering pakempalan badé dipoenoeleer, kénging katetepaken ing parepatan warga, manaoet tjatjahing swara ingkang katah pijambak. art. 10. a.) Kadjawi ingkang kaseboet ing art. 9, manawi pakempalan badé dipoenwewahi statutenipoen, oetawi dipoenbibaraken sadèrèngipoen 29 taoen, . . . manawi badé njamboet arta, ngimati oetawi njadé banda mati (onroerende goederen) kedah ngawontenaken pakempalan ingkang mligi ngrembag bab poenika; lan apesipoen kedah angsal 2/3-nipoen warga ing parepatan waoe, déné parepatan kedah wonten 1/3-nipoen warga sadaja. b.) Manawi kados ingkang kaseboet ing a. poenika waoe, tjatjahing warga oetawi wakiling warga ing parepatan kirang saking samestipon, ing salebetipoen sawoelan ladjeng ngawontenaken parepatan angrembag prakawis poenika waoe oegi. Parepatan ingkang kanton poenika waoe ladjeng gadah panggoewas kados déné parepatan kaseboet ing a., mboten predoei katah kediking warga oetawi wakil ingkang dateng.

art. 11. Manawi pakempalan kabibaraken, mangka wonten tirahanipoen arta (barang), kedah dipoendanakaken (art. 1665 v. h. Burgerlijk Wetboek) dateng pakempalan oetawi jajasan Katholik. Déné poendi pakempalan Kath. ingkang pikantoeke dana waoe, poenika manaoet tjatjahing swara ingkang katah pijambak. art. 12. Toemindakipi prakawis-prakawisipoen kempalan poenika terangipoen: malih kapranata ing H. R., nanging kedah ngengeti oengel-oengelan ing statuten . . . .

Bakda rembag ing nginggil, ladjeng wonten oesoel-oesoel lan pitakénan sawatawis ingkang boten preloe katjatet wonten ngriki. Oe-

toesan Soerakarta miterang bab toedjoe lan tradjang-tradjangipoen P. P. I. I., . . . katerangaken déning pangarsa satjekapipoen. Kala samanten sadèrèk Harjadi ladjeng nawèkaken Van Lith Stichting lan Roekti Woeri. Wasana djam 1, bibaran kanti wiloedjeng. Doemoegi samanten anggèn koela damel pèngetan lalampahan wigati ing salebeting djagad wanita Katholik Djawi, ingkang kalampah ing dinten waoe. Koela poepoedji sageda widada ing sapanggihipoen; sageda anarik kadang wanita sanès ingkang dèrèng lélédang wonten djagad pergerakan.

PRADJA RAHAJOE.

PASRAHAN ONDERWIJS DATENG LOCALE RADEN.

Manoet commissiening negari, lager onderwijs poenika badénipoen kapasrahaken dateng locale raden. Inggang golongan H. I. S. dateng provinciale raad, ingkang golongan angka kalih dateng regentschapsraad. Prenatan mekaten poenika boten ndadosaken senenging para goeroe ing lager onderwijs lan oegi inggih ndadosaken prihatosipoen P. G. H. B., margi: 1. Jèn mekaten negari kénging kaanggep njepèlèkaken dateng prakawis onderwijs, djalaran: wontenipoen ada-ada pepréntahan decentraliasatie poenika kersanipoen negari kanggé ngegoelang tijang priboemi maréntah pijambak. Inggang roemijin para raad alit-alit poenika namoeng kapasrahan prakawis ingkang alit-alit kémawon, ladjeng bédjing prakawis ingkang ageng toewin gawat-gawat. Nitik wontenipoen raad-raad poenika dèrèng dangoe, éwadéné prakawis onderwijs sampoem kapasrahaken mrikoe. Jèn mekaten negari rak kénging dipoenwastani: panganggepipoen dateng onderwijs poenika namoeng prakawis gampil, kénging kalampiraken dateng raad-raad alit énggal, ingkang wontenipoen saweg wingi sonten. Saking panginten koela, poenapa saged saé, regentschapsraad ingkang lairipoen taksih énggal, ingkang lidipoen prijantoe B. B. sadaja, ingkang déning para journalist dipoenparabi "raad non inggih," kadawoehan njepeng onderwijs? . . . 2. Toemrap personeel ingkang kapasrahaken. Inggang soewaoe saged adèp-adèpan kalijan pamaréntah ageng, nanging sapoenika namoeng dapoer ngèngèr dateng bendara alit. Dados poenapa-poenapanipoen (dangan segala-galanja, oepami: blandja, overplaatsing enz.) inggih namoeng manaoet ing raad ngrikoe kémawon. (Bendara alit waoe). Mangka pandjenengan ngertos pijambak, sepinten kaotipoen: waskitanipoen, lomaning penggalihipoen bendara ageng kalijan bendara alit poenika. Manawi kirang terangipoen prakawis poenika, koela atoeri maos pangesahipoen "Persatoean Goeroe" ing woelan poenika (progam nummer). Manawi prakawis principe-ipoen negari dateng onderwijs boten badé wonten tijang njenjampahi, djalaran pantjen inggih maton, lan saé, namoeng bok inggih sampoem kesesa-

\*Pènget. Redacteur kita anggènipoen damel pèngetan (papanggih W. K.), kasengadja radi karowakaken. Kanti lega kita redactie ngadja pèngetan poenika. Pangangkah kita, sageda dados panggoegah. Wanita Djawi Katholik, mangga madjeng sareng! Redactie.

Wiwit djam 9,30 — 12,30.
Ingkang rawoeh: rama Parampara,
warga Pangreh pepak, warga limrah
23, tamoe satoenggal: rama Frater
C. Tjipokoesoemo.
Poetes - poatoesan lan rembag-
rembag ingkang perloe kagijajaran
ing Sw. Tm. ngriki:
1. Maos verslag dana kanggé Flo-
rès. Arta pikantoe f 47,20<sup>9</sup>, sarta
sampoen kakintoenaken dateng Red-
actie Soeara-Katholiek
2. Maos verslag pista K. W. 5
taoenan. Arta pikantoe f 71,60. Sa-
daja sampoen katandjakaken, boten
wonten tirahanipoen.
3. Milih oatoesan dateng Gan-
djoeran: Hr. Prawirodisastro.

4. Pandjenenganipoen Rama Rec-
tor Ambarawa sampoen moendoet
pasitèn kanggé pakoeboeran Katho-
liek.
Parepatan toemoentan ngrembag
oeroenan kanggé pakoeboeran waoe.
Poatoesing rembag: Manawi wonten
sadèrèk warga K. W. kesripahan,
ladjeng njaosi oeroenan f 20, samant-
ten waoe jèn ingkang tilar donja
tijang sepoeh. Jèn ingkang tilar do-
nja laré, njaosi oeroenan f 10. Kanggé
sadèrèk sanès warga K. W. dados
rembagipoen rama Rector pijambak.
5. Ngrembag oesoel-oesoel saking
K.W. - K.W. dateng P. K. W.
P. P. H.

sesa katindakaken, djalarn wonten-
ipoen raad-raad énggal sapoenika-
poenika dèrèng gadah ervaring,
langkoeng-langkoeng prakawis on-
derwijs. Kedjawi poenika persoo-
neel-ipoen ingkang dipoenpasrah-
aken poenika poenapa boten me-
sakaken? (nitik pangasahipoen
„Persatoean Goeroe“).

J. ISKAK.
LARASATI.

GESANG RERAJATAN LAN
DJAGAD SOCIAL.

Wadhibing anak dateng tijang sepoeh.

Doemoegi samangké koela sam-
poen njarijosaken kawadhibanipoen
tijang sepoeh dateng anakipoen. Sa-
poenika koela badé ngrembag kawa-
djibanipoen anak dateng tijang se-
poehipoen. Anak poenika kedjawi
kepotangan ageng sanget dateng
Goesti Allah oetawi Dèwi Marjiah,
inggih kepotangan ageng dateng ti-
jang sepoeh, malah kènging dipoen-
wastani kepotangan gesang. Goesti
Allah saged nitahaken tijang sadaja
kadosdéné nalika nitahaken leloehoer
bapa Adam boten alantaran tijang
sepoeh; ananging Pandjenenganipoen
Goesti Allah boten ngersakaken.
Dados ing ngatasing laré tijang se-
poeh poenika sesoelihipoen Goesti
Allah. Pramila sampoen kawadhiban-
ipoen anak jèn kedah ngoermati,
tresna toewin mbangoen-mitoeoet
dateng tijang sepoehipoen. Prakawis
tjaja poenika ingkang dados kawa-
djibanipoen anak saha ingkang badé
koela andaraken sapoenika.
Anak kedjibah soeka oermat dateng
tijang sepoehipoen. Badéa tijang se-
poeh mlarat, badéa bodo oetawi ki-
rang saé kelakoeanipoen, anak boten
kènging babar pisan ngitjali pakoe-
rmatan waoe, sebab tijang sepoeh
senadjana makaten boten kètjalan
wewenang toewin hakipoen dados
tijang sepoeh.
Anak anggènipoen ngoermati ti-
jang sepoeh kedah lahir batos; pa-
koermatan kedah katjeta ing prating-
kah lan pandamelan. Anak ingkang
oermat dateng tijang sepoehipoen,
boten badé moerang - tata ing sadaja
tindak-tandoekipoen, tansah ngadjèni
ing sadajanipoen. Sok asring wonten
anak ingkang nilar kawadhibanipoen,
kirang oermatipoen dateng tijang
sepoehipoen. Wonten oegi ingkang
namoeng ketawisipoen kémawon
adjirih-adjirih oermat, ananging moe-
hoeng lahir blaka, sadjatosisipoen
boten, katitik saking anggènipoen
sengol manawi dipoenèngtaken oet-
awi dipoenaroeh-aroehi. Wonten
oegi anak ingkang roemaos rikoeih
manawi sesarengan kalijan tijang se-
poehipoen, déné taksih kolot, sareng
pijambakipoen sampoen modern ma-
djeng lan gadah kalenggahan inggil.
Makaten poenika sanadjan awis san-
get, meksa inggih wonten.
Kalepatan nerak angger-anggering
Pangéran: sira ngoermatana bapa
bijoengira: poenika manawi tijang
njepèlekaken tijang sepoeh; poeroen
(wani) njatoer awoning tijang sepoeh,
langkoeng-langkoeng manawi ngan-
tos mojoki oetawi ngantjam - antjam
sarana pitomboengan lan patrap.
Wani dateng tijang sepoeh poenika
inggih kalebet kirang oermat, ka-
éwokaken nerak angger-angger.
Kawadhiban ingkang kaping kalih:
anak kedah tresna dateng tijang se-
poeh. Ngèngeti poenapa ingkang
sampoen dipoensoekakaken ing tijang
sepoeh dateng anak, sampoen sam-
mestnipoen kémawon manawi anak
kedah gadah tresna dateng tijang
sepoeh. Déné katresnaning tijang
dateng tijang sepoeh katimbang da-
teng sesami kedah nglangkoengi.
Sebabipoen sampoen koela atoeraken
ing nginggil i.p. margi kepotarigan
katah sanget dateng tijang sepoeh.
Koermat dateng tijang sepoeh ke-
dah lahir doemoegi batos pisan; sa-

mainten oegi tresna dateng tijang
sepoeh. Katresnan poenika angèl tj-
nandra, langkoeng gampil rinoasaken;
katresnan poenika kènging kawas-
tan moeloenging manah, ingkang
moerogaken tentrem, djendjem lan
seneng kesanding sarta telak lan
tijang sepoeh; moeloenging manah,
ingkang toemoet bingah, manawi
tijang sepoeh bingah, ingkang toe-
moet soesah, samangsa tijang sepoeh
manggih kasoesahan. Inggih katres-
nan ingkang andjalari anak tansah
moedjèkaken saé dateng tijang sepoeh.
Ing sadjeg gesang tijang kedah ngoer-
mati lan tresna dateng tijang se-
poehipoen.
Kabekta saking tresnanipoen tijang
kedah mitoeoengi tijang sepoehipoen,
ngoeloeri teda poenapa, lan ingkang
perloe pijambak kedah njembahj-
aken. Samangsa sakit dipoenepakara
ingkang prajogi, ichtijar sagedipoen
énggal saras.
Kalepatan nerak katresnan poe-
nika, manawi tijang moedjèkaken
awon oetawi damel awon pijambak
dateng tijang sepoeh; damel soesah-
ipoen sarana kelakoean awon sarta
boten poeroen mitoeoengi karé-
potanipoen.
Bab pamitoehoe dinten wingking.
A.

MARIA CONGREGATIE
Afd. WANITA.
Ing Solo Sampoen wonten Maria
Congregatie afd. prija - sapoenika
wonten reraosan bilih badé nga-
wontenaken Maria Congregatie afd.
wanita, samanten jèn tjatjahig war-
ga njekapi: pamoeoetipoen Rama
Directeur apes kedah wonten warga
30. Saiba inggih tjalon gènging
goenanipoen kanggé kadang wanita
Soerakarta, oepami M. C. waoe sa-
èstoe madeg! W. K. tjantjoet loo!
Warga W. K. kabariipoen wonten 36,
dados oepami apes sadaja warga
W.K. sami ngersakaken dados war-
ga, temtoe madegipoen.
Tjobi . . . koela entosi!
C. C. Si.
H.

VAN LITH-STICHTING.

POENAPA
woelan poenika
Pandjenengan
sampoen
AMBABAR
Contributie
V. L. S.?
BESTUUR V. L. S.
BIJZ. H. I. S. MAGELANG.

Éwah - éwahan.

Wiwit tanggal 1 Maart ngadjeng poenika Swara Tama
lan Soeara Katholiek madeg pijambak-pijambak, dados
kalih-kalhipoen kapisah ing sadajanipoen.
Pramila wiwit wedal poenika prakawis lengganan inggih
kapisah; sinten kémawon saged dados lengganan salah satoeng-
galing serat kabar kekalih.
Lengganan ingkang sampoen maringi arta lengganan 1
taoen, 1/2 taoen, 1/4 taoen inggih taksih tampi Soeara Katho-
liek dangoenipoen 1 taoen, 1/2 taoen lan 1/4 taoen.
Lengganan Sw. Tm. ingkang tanggal 5 Maart dèrèng
maringi arta, boten badé dipoenkintoeni Soeara Katholiek
wiwit wolan Maart.
Reginipoen Sw. Tm. taksih adjeg kados roemijin f 6 sataoen;
adrès oegi taksih lestantoen. Déné adrèsipoen Soeara Katholiek;
Soeara Katholiek
P. P. K. D. - Kantoor
Koemendaman Djokja.
Redactie
Administratie
Poenika dadosa pamirsa.
Red. en Adm. S. K.
Red. en Adm. Sw. Tm.

V A R I A .

le. MELANIA TENTOONSTELLING.
GRÉDJA ÉNGGAL ING SOLO
C. C. Solo angsal kabar bilih pak.
Melania, kabantoe pakempalan St.
Elizabeth, Wanita Katholiek, lan pa-
moelangan „Mardiwara“ H.I.S. voor
meisjes (kagoenganipoen Zuster) toe-
win R.K. Europeesche School (moer-
rid èstri) badé ngawontenaken ten-
toonstelling ingkang sapisanan;
bèndjing tengahaning wolan Maart,
manggèn wonten ing R.K. Europee-
sche School Koesoemajoedan. Ang-
sal-angsalaning tentoonstelling waoe
badé kanggé njoembang jasa Grédja

énggal ing Solo. Kabariipoen Grédja
énggal waoe badé kadegaken won-
ten ing kiwa tengen Poerwasari;
bèndjing poenapa, dèrèng kantenan!
Ingriki koela badé ngatoeraken
„Saluut“ dateng tradjanging pakem-
pala „Melania“ Solo; sanjata loe-
hoer lan moelja sanget, pantes
sinoedarsana!
Actie ingkang kados makaten,
pantes jèn ta binantoe ing saking-
kijatipoen! Ingriki C.C.Si. badé toe-
moet-toemoet ambantoe, nanging
rèhning sagedipoen namoeng sra-
nawo, inggih swaranipoen waoe
ingkang badé katjaosaken.
Para sadèrèk; sampoen kesoe-
pèn, bèndjing „tentoonstelling“ rawoeh
mriksani, lan moendoet barang-bar-
ang ingkang kadasaraken; poendi
ingkang kinersakaken. Malah saking
roemaos koela, kados ragi koewadi-
ban jèn ta kita sami moendoet ba-
rang-barang waoe; djer jèn makaten
kita oegi ateges toemoet mbantoe da-
teng actie ingkang moelja waoe;
sanadjan èstoenipoen bab poenika
. . . namoeng nama sakedik sanget.
Mangga koela atoeri ngetingalaken
katresnan pandjenangan dateng actie
ingkang kados makaten!!
Gegajoetan kalijan njat Parochi
Solo badé jasa Grédja malih, ingri-
ki koela badé ngatoeraken gènging
manah koela, djer poenika waoe
mratjihnnani bilih missie Solo nama
madjeg; makaten oegi ngatoeraken
pangalembana dateng lelabetanipoen
Rama-rama Pangèn ing Solo, toewin
tandangipoen K. W. Solo ingkang
oegi toemoet mbantoe dateng actie
waoe. K. W. Solo naté pados dana-
dana dateng pakempalan „Regina
Caeli“ ing Nagari Walandi lan oegi
angsal damel, boten nama sakedik
- f 1000 -
Sadèrèk, pakempalan „Regina
Caeli“ pantjen pantes tjinatet won-
ten ing babading „parochi Solo“
ageng lelabetanipoen: boten nge-
moengaken paring dana samanten
poenika kémawon; malah kersa ma-
ringi adrès-adrèsing para bèrboedi-
bèrboedi ing nagari Wlandi sawata-

TIJANG REMEN BOTEN KIRANG ING PANGALEM, GE-
TING, SENGIT BOTEN KIRANG ING PAMADA, PA-
NATJAD LAN PANGAWON - AWON.
Sampoen lami sanget anggèn koela
nggagas<sup>2</sup>, awit saweg soemerep
sapatil; sapoenika sampoen kaleksa-
nan saged toembas mirah namoeng
regi satalèn! Lo, poenapa poenika pa-
ra kadang Katholiek? Anoe sadèrèk,
boekoe tjap-tjapan saking drukkerij
A. C. NIX & Co. Bandoeng
taoen 1926, koela mastani saking go-
longan kaeom Protestant. Ti-
telipoen „Pitedah“ bab bé-
da-bédanipoen, pawoelang
Agami tjara Room. Kalijan
ingkang kaseboet, Protes-
tant. (Aranging aksara saking pa-
nedak, D. T.).
Adeoeh, jèn koela ingkang mastani,
dédé pitedah, nanging pang-
awon-awon toemrap dateng go-
longan Katholiek.
Poenapa para kadang sampoen
wonten ingkang kagoengan oetawi
naté maos?
Jèn sampoen naté maos kados-poen-
di panggah pangalih djengandika
sadaja lan para gémbong-gém-
bonging kadang Katholiek?
Sadaja wonten 102 katja, seratan
sastra Djawi, nanging ingkang ngar-
ang pangapoenten sinten; poenapa
sétan petak oetawi éblis djamboel
boten kasoemerepan, awit tanpa
tèken. (Boten wonten nama oetawi
asmanipoen ingkang ngrentjé.)
Tjobi koela tjoeplikaken, katja 1:
Moenggoeh Kitab Soetji enggoné
njeboetaké sakèhing patokané woel-
ang agama, ikoe ora saeroet-oe-
roet lan ora tjekak-tjekakan, ija ora
tjoeompok koempoel ing saenggon.
Nanging ting parentja awor warna-
warna pitoetoe oetawa tjarija, kang
mangkono andadèkaké sok béda-béda
patampané marang wong moenggoeh
kang kaanggep patokan. Ing kono
beneré pada reremboegan kalawan
ati lamba lan akanti pandonga nje-
woen pantoenéné Roh Soetji, soe-
paja bisaa nemoe kanjataaning kar-
sané Allah bab kang andadèkaké
soewalané, sarta pada bisaa roentoet
sadjroneing pratjané, kang masti
andjalari saja tatélané kanjataan ikoe
maoe, ananging kang mangkono arang
kelakon. Saloemrah saben goejobean
angoekoehi kang dadi patampané
dèwé-dèwé, temah ana toewoehé
pérang-pérangan warna-warna.
Katja 2: Panoenggalané pérangan
maoe ana sidji kang karan, pérangan
Room, oetawa Grédja Room,
amarga papoetjoeking doemadiné ana
ing nagara Room, ing tanah Ita-
lie, lan oega ana ing kono tatindihé
pérangan djoemeneng akadaton
kalawan prabawa lan paméran gedé,
tatindih maoe seboetané: Paoes,
oetawa Bapa, oega Bapa Soe-
tji, sarta kawastanan, wakilé Goesti
Jezus Christus. Mangka
ing sanjatané ing Kitab ora ana pi-
tedah apa-apa kang nélakaké, bab
wenang mangkono ikoe, dasar pa-
ngakené tatindih maoe amastani sa-
rirané woès kakewasakaké déning
Goesti, damel pranata lan pamasti
pijambak, kalilan amoewoehi marang
piwoelangé Kitab, malah tekan ang-
owahi ija kena, sanadjan ing Kitab
ana kakantjangan kang aparéntah:
soerasané Kitab iki ora kena diwoe-
woehi oetawa diowahi, malah ana
soerasané mangkéné: kena ing laknat
saben wong kang moelangaké Indjil
lijané kang kaseboet ana ing Kitab iki.
Katja 3: Awit saka kang mang-
kono ing Grédja Room ana
pranatan pirang-pirang kang ora te-
rang saka dawoehé Goesti, malah
kang njoelajani ija ora towong.
Mangka ana soerasané Kitab mang-
kéné: Sa n a d j a n moenggoeh pra-
djangdjianing wong karo pada wong,
sawisé katetepaké, ora kena lijané
wong angowahi, amoewoehi oetawa
angelong (Galathi: 3/15), déné
moenggoeh kang dadi pradjangdjiané
kang Maha Soetji pantjen masti
ora nganggo diowahi pisan-pisan.
Ana déné para palakoé Gré-
dja Room ikoe, kang warna-
warna seboetané lan pangkaté, pada
banget taberiné bab amboedjoek
wong kapeerih maleboe Grédja
Room. Patrapé béda banget karo
kang dilakoni déning para palakoé
pérangan lija-lijané. Ing kéné ora
nganggo amboedjoek wong, moeng
pada kawoelang sasoeasané Kitab,
kalawan kapeerih ngrasak-ngrasak-
aké kambi andodonga njewoen pi-
toeloengé Roh Soetji, kang ambi-
sakaké nimbang-nimbang soepaja
tatélaa maknané sasoeasané Kitab
maoe. (Njandak katja 4) samasané
anglairaké pratjané marang Goesti,
angger ketitik temen troes ing

ati, sarta bisa andjawabaké wawa-
toné toewin lambarané pratjané
maoe, noeli pada katampam loeme-
boe, kaparingan etjap kasoezman
kang karan baptis. Sawisé mangkono
tansah kawoelang manèh, moeng-
goeha tandoeran, kasiram, soepaja
sampoeloera lan moendaka soetji
toewin oetama.
Taksih toeresipoen katja 4.
Balik, tjara Room doedoe Kitab
Soetji kang gawé watoning pamoe-
lang, moeng pranatané Grédja ang-
gitané manoesa, roepa saréngat lan
pratikel lahir kang kagawé wawaton.
Ija ora ana pangarahé soepaja moer-
rid-moerid pada mangartia oetawa
ngrasakna kajektèné kang kawoe-
langaké, oetawa tjondongé kalawan
karsané Allah lan wawatonné In-
djil. Angger sagoeh nglakoni kala-
irané saréngat, wis katarima baé,
taoe oega moeng disamajani kawé-
néhan doewit lan kanikmataning
ngaoerip. Katemahané: loewih akèh
pada katarima kaseboet Christen,
kang moeng mèlik kadoengan baé,
sarta tangèh doewéa pangrasa bab
(njandak katja: 5): kaswargan toe-
win lakoe soetji toelèn. Ija tangèh
wanoeha sajekti kalawan Goesti
paneboes kang amengkoer oerip
langgeng.
Pirang-pirang wong pada kelakon
kabaptis déning para pandita Room,
samasa doeroeng kawoelang pisan-
pisan, doeroeng soemoeroep tegesé
lan sawabé pambaptis kang katoe-
mrapaké, sanadjan baji anaké wong
kang doeroeng soemoeroep apa-apa,
ija ana akèh kang pada dibaptis,
taoe sasinglonan, taoe nganggo awad-
awad nambani moerih warasé lala-
ra, déné endi wong oetawa botjah
kang wis dibaptis, ikoe katetepaké
kaseboet Christen. Dadiné sa-
loegoené pada mikat wong patrap
kaja manoe. Ana sing dipikati kala-
wan arta ringgit, ana sing kala-
wan pratingkah njiprati banjoek akanti
ngoenèkaké rapal. . . . . Taksih
wonten sambetipoen. . . . .
Wata-tita semanten sadèrèk Kath.
lo, poenika roepinipoen saweg sa-
petil.
Koela poen D. T. ngaten poenika
mastani ngatjemong, ngaja wara bo-
ten tjotjog babar pisan lan kanja-
taan oetawi kawontenanipoen. Na-
moeng margi saking manah bentèr,
soetik kasoran arebat oenggoel, pa-
mèr kasaénanipoen pijambak, na-
nging dèrèng kinoer. Kesoe-
pèn anggèné sami kados bakoel boekoe,
bakoel poehan, ect. Adjas boekak
adasi klèwèr oetawi koepon, aiket
balangkon. Dahar roti kasmeer bo-
ter, lalab kedjoe. Wédang tèh, boe-
boek kofie oetawi tjoklat binoem-
bonan Milk tjap Nona jang paling
baik?
Ngatos-atos para maos! sampoen
goemampil mastani ingkang néka-
néka, sampoen énggal-énggal pitados.
Koela poen D. T. wajahipoen
Goeroe Christen Protestant
poenapa Gerevermeerde, oegi
poen bapa swargi tilas ngrasoe-
k agami poenika, (tegesipoen ladjeng
mandjing dados Christen Katho-
liek). Koela pijambak wiwit tik ijik
sampoen dados Christen Katho-
liek, kerep soemerep tijang kabap-
tis Kath. nanging boten mawi den-
djan oetawi iming-iming lan gan-
djaran semat oetawi sanèsipoen.
Koela saged toembas kedjoe, mar-
téga, poehan blèg-blègan, iket blang-
kon, djas boekak, dasi klèwèr lan
koepon, spatoe modèl America, sin-
djang batik Solo oetawi Jogja,
margi saking angsal koela njamboet
damel binnerkahan ing Allah ing-
kang Maha-koe-wasa. (Saking
paparingipoen ingkang moerbèng
djagad).
Koela oegi gadah sadèrèk oetawi
kadang katoet ingkang ngrasoe-
k agami Prot. oet. Gerv. boten sa-
kedik; ingkang ladjeng mandjing da-
dos Kath. noen inggih katah. Jèn
koela kawastanan omblog, tjobi ka-
njatakna, katakèkna.
Tijang natjad dateng golongan
pados katoetaman kanti aloes (boten
mawi mèrek) nggelar kanjataaning
Pangéran, ingkang boten maton
ngaten poenika njèkaken golongan-
ipoen pijambak dipoenprada, poeni-
ka poenapa kinten poeroen koela
wastani: rèhning awaké déwé ora
bisa nglakoni, (loemoeh nglakoni
nadyan ngreti jèn sing ditjatjad ikoe
bener), dadi ja awaké déwé koewi
sing èlek kaja,- tembelek????
Koela wajahipoen tijang waoenipoen
dédé Katholiek.

trimah ndjagèkaken pitoeoenganing
sanès kémawon??
Temtoe boten ta?
Mangga koela atoeri ngetingala-
ken . . . pandjenengan!
Mangga rawoeh ing tentoon-
stelling!
Mangga moendoet barang-bar-
rangipoen!
Mangga dipoen-galih ingkang sa-
jektos! Sampoen kasoe-
pèn!!
C. C. Solo
HERCULES.

## TJANDI GANDJOERAN BINARKAHAN.

### MISSIE DJAWI KAOENDJOEKAKEN TYAS DALEM SRI JÉSOS KRISTOES.

Lampahan kala 11 Februari toehoe pantes pinerada wonten badipoen Missie Djawi . . . .

Djam pitoe éndjing Mis Ageng. Ingkang ngoendjoekaken, pandjenangan dalem Mgr. van Velsen (Betawi) kadjaran Mgr. de Backere (Soerabaja) kalijan Mgr. van der Pas (Malang).

#### Processie.

Nalika badé ambarkahi tjandi, arak-arakan saking Grédja dateng papaning tjandi. Ingkang ndèrèk kinten-kinten kalih tengahan éwoe.

**Tamoe-tamoe** ingkang koela soemerepi kedjawi prajagoeng titiga kaseboet ing nginggil: pandjenangan-poen Pastoor Superior v. Kalken; P. Visser (Pakalongan) pangageng ngoelama H. Hart; pangageng ngoelama Franciscanen (Betawi); P. Goumans hoofd-pastoor Bandoeng; warga Raad Kawoela toewan Sandkuyll; wawakiling pakempalan - pakempalan Katholik Djawi saking pinten-pinten panggéan; wawakiling pakempalan - pakempalan Kath. Walandi.

Para Katholik Djawi sami katingal anggènipoen angemen-emenaken nenggani barkahan ing dinten waoe. Saking Soerakarta, Klatèn, Ngajogjakarta, Medari, Moentilan, Magelang, Ambarawa, Semarang. Kedjawi poenika taksih katah malih saking Bantoel, Goentoe geni, Kalibawang lss. Vaandelipoen S. Elisabeth, K.S.B., Melania lan K.J.B., mewahi regenging processie. Samannten oegi sekar-sekar saking De Koerier, Tijptaotema Gandjoeran, Katholik Djawi Gandjoeran, bloemenhandel Swastika, . . . ingkang sami katata minangka oeparangga, mewahi ngegenging tjandi Tyas Dalem.

#### Ambarkahi tjandi; ngoendjoekaken Missie Djawi.

Tjandi binerkahan pandjenangan dalem Mgr. van Velsen. Sasampoenipoen makaten, *Mgr. de Backere medar sabda*, soeraosipoen: a. ngalambana lalabetanipoen santana Schmutzer (Grédja, grija sakit, tjandi ing Gandjoetan, . . . lss.). Dipoen-pratélakaken: sentana Schmutzer toehoe pradjoerit ingkang mangsah joeda wonten madyaning tijang tijang katah kanggé preloening Katholik. Kapratélakaken oegi bilih garwanipoen sentana Schmutzer toemrap Dèwi Marjiah toehoe kagolong dados wanitaning Pasamoan Soetji ingkang ambeg santosa.

b. Anerangaben bilih para Katholik kedah dados rasoel. Para Imam baris wonten wingkingipoen. c. Anerangaken pakarjanipoen Imam Sarékat Jésos wonten Missie Djawi. d. Tjandi Tyas Dalem poenika dados pasemonipoen Christelike beschaving . . . . . Sadaja pakarjaning Pasamoan Soetji kaendjoekaken Tyas Dalem. Missie Djawi inggih kaendjoekaken. Mila sampoen koewatos tembé wingking (toekomst) djer bingah soesahing Missie Djawi sampoen kasoemanggakaken Tyas Dalem babar pisan.

**Sosorahipoen Rama van Driesche.** Bakda Mgr. de Backere, pandjenangan-poen P. van Driesche medar sabda: . . . . . "Para sadoeloer Katholik Djawi! Tanah Djawa iki enggoh tjandi; tjandi Brahma, Siwah III. Sakiwa tengené Gandjoeran kéné baé ana teloeng panggonan. Tjandi-tjandi koena iki maoe ija ana pakolehé; kanggo ngoengak kabodadajané wong Djawa djam koea. Betjiking djam, koena ikeo prajoga ditiroe kanggo tjekelan ngangkak rahardjaning tanah Djawa djam saiki.

Genti bab: wis ora andjamani tjandi koena maole! Éwadéné Gandjoeran nganakaké tjandi rasa Djawa koena kinantèn rasa Katholik. Tjandi Gandjoeran iki tjandi Katholik; ngemoe rasa loehoer, laras karo Karsa Dalem Pangéran.

Akoe wani mastèkaké tjandi Gandjoeran iki loehoer déwé. Djer si-noetjèkaké kondjoek Sri Maha Batara Goesti Jésos Kristoes. Tjandi Gandjoeran kasoetjèkaké kondjoek Sri Maha Praboe, rinengga retja pepetané Goesti Jésos.

Manoet kasagahan Dalem kang loemantar S. Maria Magdaléna: „Ingsoen ambarkahi omah kang rinengga pepetaning Tyas Ingoen.”

Moelané ora woereng Goesti Jésos ija bakal paring barkah. Tjandi Gandjoeran bakal pinaringan barkah. Awit, dadi djalarané wong-wong Djawa ngratoe Goesti Jésos. Sing kaja mangkono ikeo wis dadi karsa Dalem pijambak. Tanah Djawa arep dipoendoet, dièrèh Goesti Jésos. Tandane: déné panoebawa (toewijding) iki sing angadani para Panggedé (karsanipoen: Panggedéning Pasamoan Soetji.- A.S.D.) Mangka para Panggedé maode dadi Wawakil Dalem Goesti Allah. Moelané adja pada talompè anggonmo anoebawa.

Karo manéh sadoeloer-sadoeloer-moe Katholik ing Nederland pada awèh tjonto njaosaké marang Tyas Dalem. Moelané adja pada katlom-pèn noetjèkaké awakmoé déwé marang Goesti Allah. Sokoer manawa wong Djawa wis pada noetjèkaké marang Tyas Dalem! Moelané dina iki dadi dina gedé djoemenengan Dalem Tyas Dalem djoemeneng Ratoe tanah Djawa. Dina iki tanah Djawa disoetjèkaké Kangdjeng Biskop van Velsen, Mgr. de Backere lan Mgr. van der Pas kondjoek Tyas Dalem kang Maha Soetji. Moelané para sadoeloer! ndèrèka ngratoe, masrahaké tanah Djawa kanti goemoloning ati.

Kebeneran dina iki ambarengi dina pangéling-éling Dèwi Marjiah ngatingal karja moekdjidjad ana ing goewa Lourdes. Disoesoewoen soepaja ana karsané nglantaraké marang Tyas Dalem ing ngatasé panoebawa dina iki, titi mangsa 11 Feb. 1930.

Tjandi Gandjoeran iki tembé boeri bakal dadi paseksèn katjoekoepané familie Schmutzer, sadoeloer Djawa lan Missie Djawi! Wasana pamoe-djikoé moega-moega Tjandi Gandjoeran bisa kaja Lourdes; diparing-ana moekdjidjad! ( . . . ) Minoelja Tyas Dalem, minoelja Kath. Djawa, minoelja Missie Djawa, minoelja bangsa Djawa, minoelja tanah Djawa, minoelja Tjandi Gandjoeran!”

Bakda sesorahipoen Rama van Driesche ing nginggil, noeswa Djawi ladjeng kaendjoekaken Tyas Dalem Goesti Jésos makaten:

Kondjoek ing saandap Sampéjan Dalem Maha-Praboe Jésos Kristoes, ingkang djoemeneng Pangéraning para bangsa. Sakalangkang gending manahipoen abdi Dalem Biskop, para Préfèk, para Imam, toewin para wewakiling pakempalan Katoelik ing tanah Djawi, wonten ing ngarsaning pepetaning Tyas Dalem ing Tjandi Gandjoeran ngriki sami pinarengaken soeméwa manoebawa loehoering Kraton Dalem amangéran, goenging pradja toewin bangsa saindénging bawana. Baloedaging manahipoen ingkang abdi, kamipoeroen ngoengsel-oengselaken rahadjeing-noeswa Djawi, borong ing Sampéjan Dalem Sang Maha-wisésa. Kalajan adrenging manah ngantoe-antoe angentos Karsa Dalem angedjoemi ingkang abdi, kawoela Dalem ingkang sampoen sami pinaringan pepadang angmanaken ing Sampéjan Dalem.

Soemangga Goesti, karsa ngemoedéni lampahing boedinipoen ingkang abdi kapedak Dalem, ingkang saéstoé badé ngéstokaken sadaja dawoeh Dalem; lan sami ngangka-angka amrih lestantoening moeloes noerni roemaket ing Sampéjan Dalem, badé sami noenggil ing Sampéjan Dalem karana kerep nampi Sakramèn Maha-soetji.

Soemangga Goesti, karsa oegi ndombani kawoela Dalem ingkang taksih sami kapir moek-moekan wonten ing pepeteng, ingkang dèrèng mangretos oetawi soetik nampi parwatos kabingahan, ingkang saéstoé badé katah ingkang nemahi sangsara bok bilih tanpa loebèring sih pitoeloengan Dalem ingkang amrih nggajoh pangretos kasoenjatan toewin karahajan langgeng, djer kawoela kapir oegi Sampéjan Dalem teboes karana Rah Dalem.

Soemangga Goesti, karsa ndjawahaken sih paring Dalem barkah dateng Misi Djawi, ingkang saéstoé badé mardika, sepen ing gora-goda, toeloes anggènipoen mentjaraken sabda - sabda Dalem.

Soemangga Goesti, karsa paring teteg mantep, sengkoe tjakoet dateng abdi Dalem Imam, ingkang saéstoé badé toelatos napak tilas paring Dalem toelada ngempal-ngempalaken mända ingkang sami kesasar-sasar. Soemangga Goesti, karsa ngloentoeraken goenging sih Dalem dateng kawoela Dalem ingkang sami iman toewin ingkang taksih kapir, ingkang saéstoé sanoeswa Djawi badé ngempal dados sakandang, soeka goemijng ngloehoeraken ing Sampéjan Dalem Maha-Praboe Jésos Kristoes, Pangéraning para bangsa, widada mangrèh Misi Djawi ing salami-laminipoen. Amin.

Bakda sami sembahjang makaten poenika, para kadang Kath. sami ngidoeng sasarengan, sanget gambira: „Goesti Pangraning doemadi” inggih tjara Djawi inggih tjara Walandi.

#### Resèpsi ing Adminisetoeran.

Rampoeng preloe, para tamoe sadaja ngalempak wonten palataran Adminisetoeran ingkang sampoen tinatanan koesi moebeng temoe gelang mangoen tjakran.

Sosorah Schmutzer (tilas warga Raad Kawoela); pérangan ingkang preloe ambadaken déné Tjandi Tyas Dalem kapapanaken wonten Gandjoeran. Pamedar sabda nerangkaken doesoen Lipoera ingkang tebih-ipoen 1500 mèter saking ngrikoé, poenika kina-kinanipoen dados pasodjarahan dalem para Kg. Soeltan. Ing ngrika wonten sèla nama Sèla Gilang. Kaseboet ing dalem babad, Panembahan Sénapati ingkang jasa karadjan Mataram ingkang kaping kalih, poenika rikala dèrèng djoemeneng nata, kerep nenepi wonten Sèla Gilang ngrikoé. Margi makaten waoe baboning kadatan Mataram poenika inggih wonten Sèla Gilang waoe (De oorsprong van de dynastie van Mataram ligt alzoos bij dezen Sèla Gilang). Kangdjeng Soeltan Ngajogjakarta nalika kondoer saking Éropah inggih soedjarah mrikoe; semanten oegi ratoe-ratoe sanèsipoen inggih kerep soedjarah dateng Sèla Gilang.

Babad anjarjosaken karaton Padjang, Padjaran sami kateloekaken ngantos satanah Djawi Wétan lan Kilèn dados bawahipoen Mataram. Kadjawi poenika ing satjaketipoen Gandjoeran inggih wonten tilas-tilisling pasanggrahanipoen Soeltan Agoeng. Malah Ki Ageng Pamanahan (1545), ingkang rama Panembahan Sénapati inggih dedalem wonten satjaketipoen Sèla Gilang ngrikoé.

Mila Gondang Lipoera poenika semoenipoen sampoen wiwit djam Hindoe, langkoeng-langkoeng déné kiwa-tengenipoen ngrikoé wonten retja-retja Hindoe kadosdéné Brahma . . . . .

Doemoegi samanten wedaring pangandikanipoen dr. Schmutzer ingkang pantès pinéngetan; saladjengipoen ladjeng njaosaken boekoe bab retja Katholik katjéngkok Djawi (karanganipoen dr. Schmutzer kalijan pastoor ten Berge) kaserat ing basa Prasman, . . . . . dateng Kangdjeng Biskop van Velsen, . . . . .

Sateroesipoen ingkang medar pangandika pandjenengan dalem Kg. Biskop van Velsen, ngandikakaken wigatosing dinten waoe. Sadèrèk Hardawirjana atas para Katholik Djawi mahjakaken gending bingah lan panoeuwen; poenapadéné nerangkaken bilih wontening Tjandi Tyas Dalem saéstoé sasat melèhaken tetijang ingkang mastani bilih para Pastoor Éropah ingkang dateng wonten tanah ngriki poenika namoeng badé ngri-sak kabodadajan Wétanan.

Toewan van Dijk, oegi mahjakaken gambiraning manah atas namnipoen kadang Katholik Walandi, . . . Mgr. van der Pas kadjawi ngandikakaken lalampahan dinten waoe, atas para Katholik Djawing Djawi Wétan, maringaken pambagja wilodjeng dateng para Katholik Djawi Tengah, . . . . .

Telas poenika, sasampoenipoen kapotrèt sami bibaran. Para tamoe kasegah dahar wonten Soema Atmadjan. Kondoeripoen kanti njatet lalampahan dinten waoe, lan boten kasoepèn ngatoeraken gending panoeuwen dateng saéning panampinipoen komité.

## KABAR OEMOEM. INDONESIA.

### Kekirangan teda, ing . . .

Angsal-angsalaning paniti priksa-officieel ingkang margi kekirangan djawah ing Malang, langkoeng-langkoeng ing distrik Baloeawang, Toerèn, Pagak, lan Kepadjèn. . . . . Anetepaken kawontenan ing ngrikoé boten kénging dipoenwastani ngewatosaken. Namong kémawon sa-poenika tetijang ngrikoé langkoeng katah anggènipoen neda sekoel djagoeng tinimbang kalijan sekoel oewos. Goedangipoen soedagarsaedagar Tienghoa kebak djagoeng. Wonten ngrikoé tetijang taksih saged pikantoeek padamelan njekapi, kadosta wonten ing kabodidjangan-kabodidjajan. Kadjawi poenika taksih sami saged neda sarana sadé klapa lan woeloe - pamedal sanèsipoen.

(Pantjen bangsa koela poenika awatak nriman. Neda trimah sawontenipoen. Sekoel djagoeng, katoel presak, menir . . . , inggih dojan. Kalijan kloeban lembajoeng lss. sanadjan kloebanipoen langkoeng katah tinimbang ingkang nama sekoelipoen, . . . . inggih sampoen toemindak. Karanipoen kémawon betah tapa, betah ngelih. Mila, . . . manawi wonten kekirangan teda, sanadyan saloegoenipoen sampoen rekaos sanget, inggih boten gampil dipoenwastani bangsa Walandi: pating klikik!(Red.)

Controleur ing Serdang, kalijan pangageng - pangageng Zelfbestuur poenapadéné Hoofd-Administrateur Saembang vereeniging, kala 31 Djanoewari sami ngawontenaken pangaggihan, angrantjang tindak-tindak ingkang badé linampahan gagandèngan kalijan boten medalipoen pantoen ing ngrika . . . .

#### Pasinaon dateng Nederland.

Para nénéman ingkang mardi kawroch dateng Nederland, angsal-angsalipoen kanggé ratjak” boten nglegakaken. Anggènipoen makaten

„ . . . . . Veel kwaad wordt gesticht door sommige Europeanen die ten aanzien van de Inlandsche vrouw meenen te mogen doen wat in hen opkomt. (rapport Pastor).

Para maos! Arbeidsinspecteur toewan Pastor ingkang tinanggenah matitisaken sabab-sababipoen radja tateo lan radja pedjah ing onder-neming-onderneming Djawi Wétan, sampoen angadosaken palapoeran.

Manoet ingkang kaseboet ing palapoeran waoe, sabab-sababing batjokan assistent-kebon, poenika wonten 4 prakawis, i. p.

- Kabekta saking watak brangsan, gampil nepsoenipoen. (Ingkang natoni toewan kebon poenika ingkang kerep koeli-koeli bangsa Madoera).
- Koeli-koeli Priboemi mindak anggènipoen ngaosi babanipoen pijambak; anggènipoen noeroetan (nrimah — *Patj. Mérh.*) boten kados roemijin-roemijin.
- Tjara - tjaraning pakarjan (werksysteem) wonten ingkang andjalari para poeng-gawa gampil kataman raos koemroengsoeng oetawi anggragap, satemah saged mahanan kadadosan ingkang anggegiris.
- Para toewan sami gadah saradan nabok, nendang, nggitik, misoeh enz. . . . enz.; (tjekak sawenang - wenang. *Patj. Mérh.*)

Kawan prakawis kaseboet ing nginggil poenika kalebet sabab ingkang preloe - preloe.

Pratélan ing ngandap poenika anedahaken pandjenengan sadaja, sapinten karemipoen para poeng-gawa onderneming main tabok, tendang, gitik, lss.

Wontening koeli wani anatoni para pangageng, poenika ingkang: 43,02% margi pangageng-pangageng remen nabok, nggitik, ndoepak lss. 20,93% margi pangrengkoeh ingkang boten saé; 36,05% margi sabab sanès kadosdéné prakawis bajaran, lss.

Dados nitik angka-angka ing nginggil poenika, nabok, nendang, ndoepak ingkang kalebet katah pijambak.

Gandèng kalijan prakawis èstri, toewan Pastor nglapoeraken bilih prakawis poenika oegi andajani dateng wontening batjokan. Éwadéné pandjenanganipoen boten saged gampil pikantoeek boekti - boekti. Namong kémawon ing salebeting onderneming pantjen katah rarasos prakawis satoenggal poenika. Mila, „*vrouwen perkara*” inggih kénging kaanggep dédé golonganing oedjar lalawora.

Toewan Pastor anglapoeraken: „Veel kwaad wordt gesticht door sommige Europeanen die ten aanzien van de Inlandsche vrouw meenen te mogen doen wat in hen opkomt.” (Lekasipoen bangsa Éropa sawatawis ingkang anggepipoen kénging kémawon toemindak saka-djeng - kadjengipoen dateng wanita Priboemi, poenika inggih noewoeh-aken piawon pinten-pinten.)

Kados poendi sadèrèk tandoekeipoen Walandi kebon dateng koeli-koeli èstri?; oetawi kados - poendi lalajanipoen djaler èstri ing salebeting onderneming?

Soeltani Soetan Malaka, wonten ing *Bintang Mataram* tanggal 1 Febr. '30, nomer 58, njarijosaken wanita kontrakan ing Deli, makaten: „Dan bagaimanakah dari hal perempuan yang tidak bisa kerja (djawab ia sebab sakit, kerna berkerja 12 djam lamanja dalem panas yang keras diatas goenoeng dan boekit . . .)? Ia ditelanjangi, ada

disoeroeh menandak sedeng zonder pakean, ditjat, ada diiketken dipohon dll. . . . .

Wonten *Bintang Mataram* 8 Februari, Sourya anjarjosaken kawontenanipoen prija - wanita kontrakan ing Sumatra Kilèn. Journalist waoe njarijosaken koeli kontrak ingkang saking ngriki sampoen émah-émah, poenika wonten ngrika dèrèng mesti saged kempal. Malah kerep kémawon ladjeng dados bodjoning sanès. Koeli kontrak ing sadatengipoen wonten ngrika dipoenpapanaken roemijin wonten grija sakit (?) perloe dipoensakèken rah lan kekijatanipoen. Anggènipoen wonten ngrikoé ngantos 2 a 3 dinten, èstri sami èstri, djaler sami djaler. Manawi sampoen makaten ladjeng kados-poendi?

„ . . . . . Biasanja menoeroenken dari roema sakit ka pakerdahan atawa ka tempat perdiamannja itoe jalah sore, dan kaloe sore itoe dideket tanah lapang kaki goegoeng ketilij yang ditempat roema sakit itoe, banjak orang lelaki yang memang niatnya hendak memilih orang baroe (perempoan) yang tidak digandeng soeminja dan yang tjoetok dengan pikirannya, disitoe lantas. . . . 99/100 itoe isteri yang soeda tidak berbareng dengan soeminja moesti dan teroes djadi istrinja orang laen . . . . .

Kadjawi poenika, Sourya waoe mratélakaken oegi bilih ing selebeting djagad kontrakan ngrikoé, katah kémawon tijang èstri gadah bodjo langkoeng saking satoeng-gal . . . . .

Makaten andaran ingkang koela waos wonten *Bintang Mataram*. Sanadyan *mbokmanawi* andaran poenika wonten kaladoekipoen sawatawis éwadéné inggih sampoen kénging kanggé antjer-antjer ningali prija-wanita ing salebeting djagad kontrakan. Malah sinten ingkang kè-ngetan lalampahan Soeban Ajam sawatawis kapengker, kinten koela boten badé mokalaken andaranipoen prijantoe kalih kaseboet nginggil . . . . .

Pantjen! Kawontenaning djaler lan èstri ing salebeting pakarjan (pabrik, cultuuronderneming lss.) poenika katah ingkang anoesahaken. Lamatlamating kasoesilan kerep kémawon boten wonten!

Mila inggih boten maiben déné saprika-saprika prakawis pangajoman dateng tijang èstri, para néné-man, laré-laré alit wonten salebeting pabrik? lss, tansah dados rembag.

Wonten parepatan Tweede Kamer kala 5 December '29, prakawis poenika ka adjengaken wawakil Katholik toewan Loerakker lan Kortenhorst. Minister van Arbeid pandjenanganipoen toewan Verschuur mratélakaken; „badé toemoenten nindakaken paniti priksa poenapa saged ngajomi para kaom berah djajaka mawi wèting Nagari. Sapoenikanipoen ingkang kaprelaken langkoeng roemijin ngajomi kaom berah èstri lan laré-laré alit” . . . . . Kados-poendi tjalon toemoesipoen rembag poenika wonten Indonesia, prajogi kita titosi kémawon roemijin.

Kaleresan déné sapoenika P.W.K. sampoen madeg. Bokmanawi babadan poenika inggih tjalon nandangi prakawis waoe medal margi P.P.I.I.

Kumuningsaselé 10 Februari '30 . . . . . Teklim: Patjar Mérah.

#### Njalinkoehaken arta f 1798, — . . .

Mantri pamitjis ing Minggir (Ngajogja) njalinkoehaken arta f 1798,87. (*Mataram*).

#### Kabesmèn ageng ing Semarang.

Kala 6 Febr. sijing ing ngrika kampoeng Pedokkan, wonton kabesmèn. Sababipoen katjarjosaken margi wonten Tiongha ngoengalaken long wonten salebeting toko. Late-nipoen ngèngingi mretjon sanèsipoen, . . . . satemah andjalari moebaling latoe. Toko ingkang risak déning latoe, toko ageng tiga, waroeng alit kalih, kapitoenèn ± f 100.000 (*Bahagia*).

#### Grija sakit Goepermèn kalijer-aken Zending.

Gandèng kalijan karsanipoen Nagari nglijeraken grija sakit Djombang dateng Zending ing Madjawarna,

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

**PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAË TOEWIN AWÉT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE**

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W.

**Nitjil kènging! - Kentjèn soekoer!**

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG MALIOBORO - DJOKJA - TELEF. 508.**

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga kesèhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA**

**MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO**

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

**DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA**

tanggong beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Nalika tanggal 18-1-'30 koela kaparingan momongan malih ingkang no. 4, medal èstri koela namani:

**„ANTOINETTE SRIPÈNI”**

R. B. Basoeke  
PRAWIRODIRDJO.  
Kediri.

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja **KOFFIE BOEBOOK**, jang speciaal die giling dengan machine Electricies, bisa giling aloes dan kasar, menoeoet pembelie poenja perminta'an die tanggong sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.**

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5.75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan - permainan boeat anak-anak ketjil. -

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

**TJET GILAP wedalan FRIELING model A.**

kanggè ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;**

**sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

**TJET GILAP model B,** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; **sablèg netto 10 kilo: f 8,50;** 5 kilo: f 4,50.

**PABRIK TJET R. B. FRIELING,**  
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Telefoon no. 784.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan <sup>*)</sup> 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madioen 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30	Poerwodjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari <sup>6)</sup> 9.30 (mal).	Sambas 6-8.30	Tegal <sup>2)</sup> 7.30-9.30
Djokja:	Meester Corn. 7.30	Sambong 8.	Tereng 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Kota Baroe 6-7.30	Moentilan 5-6-8.	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30	Muntok 8.	Semarang <sup>7)</sup> 7.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30	Cedangan 7-9.	Weltevreden:
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Bangkong 6.30-8.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Keboemèn <sup>4)</sup> 7.30	Pajakombo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30
Kediri 7.30	Palembang 7-9.	Singkaawang 6.30-9.	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30	Soekaboemi 6-7.30	
Koeta Radja 6.30-8.			

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

kala taoen kapengker warga Raad Kawoela toewan Soerasa njoewoen pirsu poenapa boten prajogi bab lijeran waoe kasemantakaken roemijin dateng tetijang Islam ing ngrikoe. Manawi karsanipoen Nagari grija sakit waoe pantjèn soemedia kalijeraken dateng babadan sanès, warga waoe anggadhahi pamanggih aloewoeng kalijereken dateng Regentschapsraad tinimbang dateng Zending.

Pitakènan ing nginggil poenika kaparingan wangsoelan: „prakawis anglijeraken grija sakit dateng Zending kados ingkang katerangaken Wakil Parèntah wonten Raad Kawoela ddo. 16 Agoestoes '29,.... poenika namoeng kanggé tjobèn-tjobèn ing salebetipoen sataoen. Gandèng kalijan rembag poenika. Boepati ing Djombang inggih sampoen kapoendoetan rembag,.... lan inggih njaroedjoeki karsanipoen Parèntah. Manawi sampoen katjobi sataoen, mangké tjalon kapanggalih teroes kalijeraken dateng Zending poenapa boten; oetawi poenapa ladjeng kapasrahaken babadan sanès, poenapa lestantoen kaasta Goepermen pijambak. Déné rembag soepados kalijeraken dateng Regentschapsraad Djombang kémawon, inggih badé kapanggalih.

**Pakempalan énggal.**

Pamabantoe Aneta ing Soekaboemi martosaken, bilih saking ichtijaripoen Hoofd-Pengoeloe ing Soekaboemi dèrèng dangoe poenika ing ngrika wonten pakempalan Agami, nama „Pattihah” (Patimah?? Red.) Pakempalan poenika sedyanipoen anggelaraken lan mradinaken soeraosing Kor'an ingkang leres, langkoeng-langkoeng babagan gesang soetji, njamboet damel pijambak...

lan boten kènging tjampoer kalijan politiek. Pakempalan waoe tanpa kontribisi, namoeng kémawon ingkang tansah andatengi sarasèhan-sarasèhan, dipoentariki oeroenan. Warganipoen salebetipoen kalih minggoe kémawon sampoen wonten kirang langkoeng 2000. Margi wontening pakempalan waoe, pakempalan Pasoendan ngawontenaken paparetan énggal-énggalan, anampi motie boten saged sasarengan kalijan Pattihah.

**Eskader Walandi, mertamoe.**

Tengah-tengahipoen taoen poenika, bokmanawi kémawon Eskader nagari Walandi badé ngambah saganten-saganten Indonesia, teroes mertamoe dateng Australia.

Sapinten katahing baita, lan baita poendi ingkang badé mertamoe waoe, dèrèng saged katjarijosaken.

Prakawis mertamoe dateng Australia èstri sampoen kala taoen kapengker anggènipoen angoesoelaken, nanging margi boten wonten waragadipoen, ladjeng boten èstoe.... (Het Nieuws.)

**Poenapa ingkang dados betahipoen „Empress”.**

„Empress of Australia” poenika baita kanggé para andjadjah nagari (toeristsenship) sakalangoeng ageng. *Java Bode* naté miterang dateng djoeroe masakipoen, sapinten betahing tetedan lss. baita waoe kanggé para ingkang noempaki.

Anggènipoen métang: tjang 1000 ing selebetipoen 138 dinten, samipoen tjang 138.000 ing dalem sadinten.: poenika betahipoen: 65.000 poen daging; 32.000 poen gadjih (vet); 23.000 poen oelam peksi; 30.000 poen oelam babi; 24.000 poen mertéga; 5111 poen kédjoe; 38.000 poen oelam loh;

95.000 tigan: 8.000 poen beskoewit; 6000 poen kopi; 120.000 poen gandoem: 5200 poen tèh; 42.000 poen gendis; 380 peti appel; 4280 poen boeah anggoer; 80 ton ijs; 2134 gendoel champagne; 3987 gendoel anggoer abrit lan petak; 9.890 gendoel cognac; 101.000 gendoel bier; 257.000 gendoel toja walandi; 1.150.000 sigaretten; 4.890 sroetoe; 798 poen sata; 660 boentel kertoe; 190 gros rèk, .... lss.

**Lotré énggal.**

Katjarijos lotré énggal „Eykenstichting” poenika wiwitipoen njadé béndjing 12 Maart ngadjeng poenika.

**Studiefonds „Seri Derma.”**

Isteri njarijosaken bilih sapoenika sampoen wonten banda pasinaon nama „Seri Derma” dipoenpangangengi R. A. dr. Abdoelkadir ing Poerwardja. Sedyanipoen banda pasinaon poenika waoe miteloengi laré-laré èstri Indosnesia ingkang badé ngladjengaken pasinaonipoen, nanging tjang sepehoipoen boten saged ambandani.

**Warga Raad Kawoela énggal.**

Kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing ngriki, P. A. A. Koesoema Joeda kalijan R. A. A. Djajadiningrat sami winisoeda dados warga Raad van Indië. Minangka gegentosipoen prajagoeng kekalih poenika wonten ing Raad Kawoela, ingkang anggentsosi dados warga R. K. pandjenenganipoen Idi Prawiradipoetra tilas lid landraad ing Bandoeng, kalijan R. A. A. Widjajasowanda ing Trenggalèk.

**Kominis Soebakat ngendat wonten salebeting koendjaran.**

Kominis Soebakat ingkang nem-

bé poenika kapikoet wadana poelisi R. Soekarman Semarang wonten ing Sijem, ladjeng katahan wonten pakoendjaran Glodok, Betawi, salebetipoen minggoe kapengker ngendat.

Sadèrèk Soebakat poenika kadakwa dados djoeroe moedining bron-takan taoen 1926. Nalika taoen 1919, pijambakipoen dados sekretaris P. K. I. Bandoeng, dipoenpangarsani kominis Soegana. (Soebakat kala samanten sampoen dados asp. opzichter S. S., déné Soegana dados opzichter wonten kantor Waterkracht en Electriciteit). Wonten Bandoeng waoe sadèrèk Soebakat ngemoedèni koran minggon *Doenia Baroe*. Nalika wonten pogokan S. S. Soebakat kalijan Soegana sami késah saking Bandoeng. Soebakat ladjeng ngemoedèni s. k. Api wonten Semarang, déné Soegana ngrakit barisan V. S. T. P.

Kala gégèran taoen 1926, sadèrèk Soegana katjepeng poelisi; sarta pedjah ngendat wonten salebeting koendjaran ing Semarang kala taoen 1927. Déné Soebakat miroeda dateng Moskou, wasana sawatawis woelan kapengker saged katjepeng R. Soekarman wonten Bangkok.... Katjarijos dèrèng kasoemerepan terang poenapa sababipoen déné panoeentoen kominis Soebakat poenika ngendat. Wonten ingkang nginten tinimbang di Digoelaké! Wonten oegi ingkang nginten „tinimbang wawadining kominis (pergerakan kebangsan) konangan nagara ana sadjroning papriksané prakarakoe, aloewoeng tak ngendat waé.”

**Boepati Demak kalijan P. N. I.**

R. T. A. Sasrahadiwidjaja Boepati Demak, wonten Raad Kawoela ing salebeting wawasan oemoem angrembag tangkepipoen Nagari dateng P.

N.I.,... medar pangandika makaten: ... „Nalika P.N.I. anggènipoen propaganda saweg dateng golongan intellectueelen, lan tebaning warganipoen inggih namoeng doemogi golongan-golongan poenika waoe, saking roemaos koela boten moetawatosi. Nanging dangoening-dangoe actienipoen dipoenwijeraken doemogi kampoeng-kampoeng lan doesoen-doesoen dateng tetijang bodo. Sapoenika wonten tjang tani, bakoel wadé,.... sami mlebet P.N. I.; ingkang makaten poenika saking roemaos koela pakempalan waoe amababajani toemrap katentremen oemoem lan anggènipoen ambabajani waoe saja dangoe saja ageng. *Indaking babajanipoen poenika tinimbang kalijan katahing warga-warganipoen ingkang sami boten mangretos, bodo.*

**Normaalschool djaler lan Moentilan mentas eindexamen.**

Moerid N. S. Moentilan katari-mah sadaja.

Semanten oegi moerid N.S. Ambarawa. Nanging kala iksamen waoe, wonten satoenggal ingkang boten saged toemoet, margi sakit. Béndjing manawi sampoen mantoen badé kaiksamen pijambak.—p. f.

**Mangga sami ngabarna ing**

**SWARA-TAMA.**